BAS MAQALA

# ЖАҢА ӨЗБЕКСТАНДЫ ЖАРАТЫЎДЫҢ ИЛИМИЙ ПРОГРАММАСЫ

*(Президент Шавкат Мирзиёевтиң **«Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы»** атлы китабы қарақалпақ тилинде басылып шықты)*

**С.Абаев** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.Якубов** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

2021-жылы ғәрезсизликтиң сәррас 30 жыллығы қарсаңында «O‘zbekiston» баспасында жарық көрген Президентимиздиң «Жаңа Өзбекстан стратегиясы» атлы көлемли ҳәм терең мазмунлы китабында «Жаңа Өзбекстан – Үшинши Ренессанс» идеясын әмелге асырыўдың илимий тийкарланған программасы ислеп шығылды. Китаптағы тийкарғы пикирлер ҳәм мақсетлер қабыл етилген жаңаланған Конституциямызда өз сәўлесин тапты десек, әйне ҳақыйқатты айтқан боламыз.

2022-жылы китаптың Президентимиз тәрепинен толықтырылған екинши басылымы «Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы» деп аталды. Сол 2022-жылы «Qaraqalpaqstan» баспасы тәрепинен китаптың усы толықтырылған екинши басылымы қарақалпақ тилинде басып шығарылды. Президентимиздиң бул шығармасының қарақалпақ тилинде жарық көриўи республикамыздың сиясий, мәнаўий-мәрипий турмысында үлкен ўақыя болды, ол сиясий, экономикалық ҳәм мәнаўий тәрбиялық жумыслардың сапасын кескин арттырыўға, жәмийетлик пәнлердиң мазмунын тереңлестиўге хызмет етпекте.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң «Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы» атлы китабында Жаңа Өзбекстанды ҳәм Үшинши Ренессанстың фундаментин жаратыў бойынша әмелге асырылып атырған түпкиликли өзгерислер ҳәм реформалардың мақсети, мәнис-мазмуны, үстинликке ийе бағдарлары ҳәм миллий раўажланыўымыздың ығбаллары кең түрде додаланған. Журтбасшымыздың бул мийнети Жаңа Өзбекстанның ҳәзирги заманагөй демократиялық келбети қалай жаратылып атырғанлығын көрсетиў менен бирге, ол елимизди жаңа басқышқа көтериў ушын белгилеп алынған стратегиялық жолымыз ҳаққында бир пүтин, терең көзқарасты қәлип-лестириўге хызмет етеди. Өзбекстан халқы өз тарийхында усындай еки Уллы Ояныў дәўирин бастан кеширген: Бириншиси IX-XII әсирлер (мәрипетлилик дәўири) ҳәм екиншиси XIV-XV әсирлер (Темурийлер дәўири) болып, олар дүнья көлеминде тән алынған шынлық. Ҳәзирги дәўирде Ҳүрметли Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев басшылығында халқымыз Жаңа Үшинши Ояныў дәўирине қәдем баспақта. Ҳақлы түрде бүгинги раўажланыў басқышымыз «Жаңа Өзбекстан» ҳәм «Үшинши Ренессанс» сөзлери менен белгиленип, халқымызды жаңа мақсетлерге ҳәм шеклерге бағдарламақта.

Китапта айрықша атап көрсеткениндей «Жаңа Өзбекстанды қурыў − бул әйтеўир тилек-қәлеў, субъектив қубылыс емес, ал түпкиликли тарийхый тийкарларға ийе болған сиясий-ҳуқықый, социал-экономикалық, мәнаўий-мәрипий жағдайдың өзи талап етип атырған, халқымыздың әсирлик арзыў-умтылысларына сәйкес, оның миллий мәплерине толық жуўап беретуғын объектив зәрүрлилик есапланады» [2:3]. Автор Өзбекстанның ҳәзирги дәўирдеги демократиялық раўажланыўы туўралы сөз еткенде «Жаңа Өзбекстан стратегиясы қандай болыўы керек?», «Жаңа Өзбекстан түсиниги нени аңлатады?», «Раўажланыўдың жаңа басқышы қандай өзгешеликлерге ийе?», «Жәмийеттиң жаңа көриниси» дегенде нелер нәзерде тутылмақта?», «Үшинши Ренессанс фундаментин жаратыў идеясы қандай мақсет-тилеклерди аңлатады?» сыяқлы саўаллар көпшиликти қызықтыратуғынлығын атап көрсетип, китапта оларға терең ҳәм илимий дәлилленген жуўаплар бериледи.

Китаптың «Кирисиў. Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы» деп аталған айрықша бөлиминде «Жаңа Өзбекстан» халқымыздың арзыўы екенлиги, Жаңа Өзбекстан феномениниң мәнис-мазмуны, Жаңа Өзбектанды әмелге асырыў ушын алып барылып атырған реформалық илажлар кең түрде сөз етилген.

Дүньядағы барлық халықлардың раўажланыў менен байланыслы арзыўы бар болғанындай, бизиң халқымыздың әдиўли арзыўы бар. Ол – Жаңа Өзбекстан! Бул түсиникте халқымыздың әзелий үмит-нийетлери, және де жоқары шеклерге қарай умтылыўлары, мақсетлери өз сәўлесин тапқан. Әййемги тарийхымыздағы «Авесто»да ортаға қойылған «Әдиўли пикир, әдиўли сөз ҳәм әдиўли әмел» принципинен басланған Ўатансүйгишлик ҳәм инсаныйлық идеялары журтымыз раўажланыўының түрли басқышларында жасаған миллетимиздиң жетик ўәкиллери тәрепинен әмелге асырыў ушын ҳәрекет етип келинди. Халқымыздың арзыўы биринши Ренессанс дәўириниң Уллы ойшыллары Имам Бухарий, Имам Термизий, Хорезмий, Фарабий, Ферғаний, Матуридий, Абу Хамид Устурлобий, Беруний, Ибн Сина, Замахшарий, Нажмиддин Кубра, Ахмәд Яссаўий, Баҳаўәддин Нақшбәнд ҳәм т.б. көплеген алым ҳәм уламалардың идеяларында өз сәўлесин тапты. Бул арзыўы Амир Темур бабамызды жәҳән сахнасына алып шықты ҳәм Темурийлер Ренессансы – екинши Ояныў дәўирин пайда етти, орайласқан қүдиретли мәмлекет ҳәм нызам үстин болған әдалатлы жәмийет дузиўде өз көринисин тапты. Халқымыздың арзыўы Улуғбек Академиясының ағзаларының мийнетлеринде раўажланды, Алишер Наўайы ҳәм Бабурдың әдебий шығармаларында жүзеге шықты. Кейин ала Жадид бабаларымызға жеңилмес күш-ғайрат берди. Адамларымыздың әдиўли арзыўлары Қарақалпақстанда атақлы улама-ойшыл «Ҳәким ата» - Сулайман Бақырғанийдың, Бердақ ҳәм Әжинияз усаған уллы шайырлардың пайда болыўына алып келди.

Еркин жасаў арзыўы езиўши Кеңес Ҳүкимети дәўиринде де халқымыз қәлбинен өшкен жоқ. Күтә аўыр ҳәм қурамалы жағдайда жумыс алып барған Файзулла Хожаев, Усман Юсупов, Шарап Рашидов, Ислам Каримов сыяқлы мәмлекетлик ҳәм сиясий ғайраткерлер, онлаған-жүзлеген алымлар, шайыр ҳәм әдебиятшылар миллий өзлигимизди сақлаў жолында жан күйдирип хызмет етти.

Президентимиздиң сөзи менен айтқанда «Усы тәризде узақ өтмиштен ҳәзирги дәўирге шекем миллий санамыз негизинде қәлиплесип келген, түрли идея ҳәм әмелий ҳәрекетлерде өз көринисин тапқан ел-журтымыздың арзыў-үмитлери бүгинги күнде Жаңа Өзбекстан түсинигинде жәмлести» [2:19].

Халық ушын оғада әҳмийетли болған феномен ямаса түсиник өз-өзинен тосыннан пайда болмайды. Жаңа Өзбекстан феномени ҳаққында да соны айтыў мүмкин. Бул түсиник журтымыздың ҳәзирги заман келбетин қәлиплестириў, демократиялық мәмлекет, еркин пуқаралық жәмийетти пайда етиў, Үшинши Ренессанстың фундаментин жаратыўға қаратылған демократиялық реформаларымыздың баслы идеясы сыпатында жүзеге шықты. Соның ушын да елимизде «Жаңа Өзбекстан – Үшинши Ренессансқа қарай» деген шақырық ҳәмммениң жүрегинен беккем орын алмақта. Президент Шавкат Мирзиёев ҳәзирги заман миллий жәмийетлик ой-пикир раўажланыўында биринши рет биз мақсет етип отырған «Жаңа Өзбекстан» феноменин ортаға қойды, оған кең түрде түсиндирме берди, оның Үшинши Ренессанс пенен байланысын көрсетти.

Жаңа Өзбекстан – мәмлекетимиз ғәрезсизлигин және де беккемлеў, еркинлик ҳәм азатлықтың жаңа дәўири, дөретиўшилик ҳәм абаданлық жолының жоқары басқышы болып табылады.

Жаңа Өзбекстан – бул «Халық мәпи ҳәмме нәрседен уллы» деген әдиўли идея әмелий ислер менен өз тастыйықлаўын таўып атырған ел есапланды. Жаңа ҳәм

жаңа үй-жайлар, заманагөй кәрханалар, илим-пән, билим бериў, медицина, мәденият ҳәм спорт орынлары, абат аўыл ҳәм қалалар журтымыз шырайына шырай қосып атырған тарийхый бир дәўир есапланады.

Жаңа Өзбекстан – жасы үлкенлерге ҳүрмет, жасы кишилерге иззет, мәдетке мүтәж инсанлар ҳәм шаңарақларға шын кеўилден жәрдем бериў, меҳир-мүриўбет көрсетиў турмысымыз қағыйдасына айланып баратырған социаллық мәкан есапланады.

Жаңа Өзбекстан дүнья шериклиги менен, ең дәслеп, жақын қоңсыларымыз менен дослық ҳәм бирге ислесиў есиклери кең ашылып атырған, елимиздиң демократиялық көриниси жаратылып атырған бийтәкирар жер есапланады [2:25-26].

Жаңа Өзбекстанның дөретилиўи, әлбетте, оның ажыралмас бөлеги Жаңа Қарақалпақстанның да пайда болыўын аңлатады. Бул туўралы Президентимиз Шавкат Мирзиёев былай деп жазады: «Бизиң ийгиликли мақсетимиз – биргеликтеги пидәкерлик мийнетимиз бенен Жаңа Өзбекстан қурамында Жаңа Қарақалпақстанды қурыўдан ибарат» [2:29].

«Аўыр экологиялық шараятқа қарамастан, мәмлекетимиз раўажланыўына мүнәсип үлес қосып киятырған қарақалпақ дияры, оның барлық қала, район ҳәм аўыллары комплексли тәризде раўажландырыў, мийнеткеш ҳәм ғайратлы, ақ кеўил ҳәм кеңпейил қарақалпақ елиниң турмысын абат ҳәм абадан етиўге ҳәр қашанғыдан да айрықша әҳмийет қаратамыз [2:175].

Китаптың «Халықшыл мәмлекет» атлы биринши бөлиминде «Мәмлекет – инсан ушын», «Инсан – жәмийет – мәмлекет» принципи демократиялық реформалардың өлшеми деп қабыл етилип пүткил жәмийет қурылысы ҳәм мәмлекет сиясаты усы принципке тийкарланып алып барылыўы, инсан, оның ҳуқықлары ҳәм бахыт-ығбалы мәмлекет сиясаты, барлық мәмлекет органларының ең баслы мақсети болыўы лазымлығы айрықша атап көрсетиледи.

Әлбетте соңғы жыллары инсан ҳуқықлары менен еркинлери ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеў бойынша бирқанша жумыслар исленди. Буның тән алыныўы сыпатында Өзбекстанның БМШ ның инсан ҳуқықлары Кеңеси ағзалығына сайланғанын көрсетиў мүмкин.

Журтымызда инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери саласындағы халықаралық рейтинглер ҳәм индекслер бойынша дүньядағы 50 жетекши мәмлекетлер қатарына киритиў баслы стратегиялық мақсет сыпатында белгиленген, жеке ҳәм сиясий ҳуқықларды қорғаў саласындағы баслы бағдарлар көрсетилип берилген. Оларды әмелге асырыў арқалы Жаңа Өзбекстанды демократиялық нызамлар, жоқары ҳуқықый мәдениятқа ийе пуқаралар мәмлекетине айландырыў ўазыйпасы қойылған.

Жаңа Өзбекстан күшли нызамшылық, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятлары, пуқаралық жәмийет институтлары нәтийжелилик пенен ислейтуғын мәмлекет, «Мәмлекет органлары – халыққа хызмет қылыўдың нәтийжели қуралы» деген принципине әмел ететуғын демократиялық дүньялық мәмлекет болады. Жаңа Өзбекстан стратегиясы атқарыўшы ҳәкимиятты сөздиң шын мәнисинде халыққа хызмет қылыўшы органға айландырыўды нәзерде тутады.

Президентимиздиң китапта айрықша атап көрсетиўинше, «Мәмлекет басқарыўда биз ушын жаңа, бирақ көплеген раўажланған мәмлекетлерде әмел қылып атырған «Мәмлекет халыққа хызмет көрсетиўи шәрт» идеясын әмелге асырыўды нәзерде тутыўшы «Халықшыл мәмлекет» миллий бағдарламасы ислеп шығылады, «Мәмлекетлик хызметлер ҳаққында»ғы нызам қабыл етиледи» [2:75]. Бундағы тийкарғы мақсет Өзбекстанды дүньядағы мәмлекет басқарыўы сапасы жоқары болған мәмлекетлер қатарына киритиўди тәмийинлеўден ибарат.

Сондай-ақ, усы бөлимде мәмлекетлик басқарыўдың цивилизациялық имканиятлары, аймақлық мәселелерди шешиў жуўапкершилиги, еркин ҳәм ашық пуқаралық жәмийетти раўажландырыў, ғалаба хабар қуралларының жәмийеттеги ролин және де арттырыў мәселелери сөз етиледи.

«Бизиң, – дейди Президентимиз – қатаң позициямыз халықшыл мәмлекет қурыў, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, нызам үстинлигине ерисиў ҳәм еркин пуқаралық жәмийетти және де раўажландырыўдан ибарат» [2:102].

Китаптың толықтырылған басылымына жаңадан киритилген екинши бөлими «Әдиллик ҳәм нызам үстинлиги – халықшыл мәмлекет негизи» деп аталады. Бунда ғәрезсиз ҳәм әдил суд системасы, нызам дөретиўшилиги ҳәм ҳуқықты қолланыў әмелияты, конституциялық реформалар – Жаңа Өзбекстанды қурыў жолындағы объектив зәрүрлик екенлиги анализленеди.

Китапта жәмийетимизде «нызам – үстин, жаза – сөзсиз» деген принципти тәмийинлеў, суд, прокуратура, ишки ислер органлары, адвокатура системасы хызметин жетилистириў бойынша салмақлы жумыслар орынланып атырғаны көрсетилиўи менен бирге, суд системасын жетилистириў ҳәм беккемлеў бойынша ўазыйпалар терең талқыланған, «Суд ҳаққында» кодекс, «Ғәрезсиз адвокатура концепциясы»н жаратыў, «Медиа-омбудсман» институтын дүзиў, «Бала ҳуқықлары» кодексин қабыл етиў зәрүрлилиги белгиленген. Президентимиздиң атап көрсетиўинше, «Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясында усы тараўдағы ең үстин ўазыйпамыз – Өзбекстанның дүньядағы «Нызам үстинлиги индекси» жоқары дәрежеде болған мәмлекетлер қатарына кириўин тәмийинлеў ҳәм халықтың әдил судларға исенимин арттырыўдан ибарат» [2:107].

Китапта нызам дөретиўшилигин, оның сөзсиз орынланыўын әмелге асырыў процесин жетилистириў ўазыйпасы қойылған, «Өзбекстан Республикасы Нызамшылығын раўажландырыў концепциясы»ның ислеп шығылыўы кереклиги көрсетилген.

Китапта журтымызда әмелге асырылып атырған конституциялық реформалардың объектив тийкарлары, оның реал мазмуны кең түрде баян етилген. Бул ҳаққында Президентимиз былай деген еди: «Жаңа Өзбекстанда пүткиллей жаңа ҳуқықый система жаратылып атырған бир дәўирде инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери – ең әҳмийетли қәдирият сыпатында тән алынып атырған жуўапкершиликли мәҳәлде бүгинги күнимиз талапларына сәйкес болған жаңа Тийкарғы нызамды ислеп шығыў объектив зәрүрликке айланбақта» [2:127]. Жаңаланған Конституциямызда Президентимиздиң пикир ҳәм усыныслары толық есапқа алынды.

Жуўмақ: Президентимиздиң «Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы» атлы шығармасы Жаңа Өзбекстанның келбетин жаратыў, дүньяның ҳешбир аймағында әмелге аспаған, ҳәтте, мақсет те етип қойылмаған, елимизди Үшинши Ренессанс басқышына көтериў, оған сай социал-экономиканың, илим-пән, мәдениятттың раўажланыўына ерисиў, халқымызға еркин, абат ҳәм абадан турмыс жаратып бериў программасы болып табылады, ондағы қойылған мәселелер ҳәм шешимлер барлық пуқараларымыздың, әсиресе, жасларымыздың келешек тәғдирин белгилейтуғын идеялар болып, оны терең үйрениў ҳәм әмелге асырыў ушын гүресиў әдиўли миннетимиз болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. - Т.: «Ўзбекистон», 2023.
2. Мирзиёев Ш.М . Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы. Толықтырылған басылымына тийкарланған қарақалпақша биринши басылымы. –Нөкис: «Qaraqalpaqstan» 2022, 440-б.
3. Мирзиёев Ш.М. Жаңаланған Конституциямыз Үшинши Ренессансты қурыў жолында беккем ҳуқықый тийкар болып хызмет етеди. /«Еркин Қарақалпақстан», 11 май 2023.
4. Мирзиёев Ш.М. Халқымыздың жоқары исенимин ақлаў, ерискен жетискенлеримизди жаңа, және де үлкен нәтийжелер менен беккемлеў- баслы ўазыйпамыз. Жаңадан сайланған Өзбекстан Республикасы Президенти лаўазымға кирисиў салтанатлы мәресимине бағышланған Олий Мажлис палаталары қоспа мәжлисиндеги шығып сөйлеген сөзи. /«Еркин Қарақалпақстан», 18 июль 2023.